



## **Komite Kreyòl**

6971, rue Saint-Denis, Montréal (QC), H2S 2S5, Tél 514 278 2157

# **Omaj pou Franklin Midy**

Nan non Centre N A Rive ak Komite Kreyòl la

Franklin Midy te chèf ekip nan yon gran "fèm lekòl" alfabetizasyon granmoun « analfabèt pa bèt yo ». Se te yon travay sèpèt, wou, pikwa nan men, syè nan fwon pou kiltive yon gran liv-jaden Sant N A Rive te louvri ki rele « Alfabetize an kreyòl nan Montréal ».

Moun ki te gen chans travay avèk Franklin te remake bon kalite relasyon (ajisman) li ak lòt moun, patisipan, travayèz ak travayè yo, ki t ap ferye ansanm avè l nan konbit APRANN LI, APRANN EKRI a.

Sa ki te make nou pi plis la se koze sa a : Franklin, lè li t ap travay nan ekip alfabetizasyon N A Rive a, te yon fòmàtè benevòl tankou tout lòt yo. Jamè, jamè nou pa t santi prezans pwofesè inivèsite a, sosyològ la ki te la pou ba moun leson. Li te yon animatè ki te mete li sou menm ran ak lezòt yo pou travay la vanse, ki pa t nan fè chèlbè ni dyòlè avèk chaj konpetans pwofesyonèl li.

Pou sa epi pou lòt enplikasyon kanmarad la, an wetan, an metan, nan kominote ayisyen isi a ak lòt kote, nou di li : bon vwayaj sou wout verite li pran kou nou ye a.

Memwa li ap toujou byen vivan nan Sant N A Rive pou ede manm konbit la, ansyen kon nouvo, kontinye fè sa ki dwa pou rive fè edikasyon toujou rete oubyen tounen yon bon teren "pratik pou libète" fleri epi bay anpil zepi nan avantaj yon bann ak yon pakèt moun ki grangou pou sa !

Lenous Guillaume-Suprice

16 mai 2022